



MIZAJOU ENPÒTAN:

Nan dat 19 me 2021, Eta a te leve kapasite pou mande andedan nan Vil New York, sa vle di restoran yo ka opere yon fason kote moun manje anndan selon kapasite nòmal restoran an. Se pou tèt sa, **kòmanse 17 out, 2021, restoran yo pa ka mande pou kliyan yo peye Frè Rekiperasyon COVID-19 la.**

Dokiman sa a gen ladan enfòmasyon sou lwa lokal ki te vin an plas 17 oktòb 2020, ansanm ak kondisyon restoran yo dwe swiv.

Kesyon Moun Poze Souvan: Chaj Retablisman nan Restoran yo pou COVID-19 la

Kisa Chaj Retablisman COVID-19 nan ye?

Anba yon nouvo lwa lokal, restoran yo ka tanporèman mande kliyan k ap manje anndan restoran an pou yo peye yon kòb anplis ki rele Chaj Retablisman COVID-19. Peryòd tanporè a fini 17 out 2021.

Kilès ki ka fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 la?

Restoran ki vann manje ak bwason bay kliyan ki chita pou manje deyò yo oubyen anndan nan kapasite* ki limite, kapab mande kliyan yo pou peye chaj sa a.

- Restoran ki ofri sèvis pou moun manje deyò establisman yo sou twotwa oubyen sou wout la sipoze gen pèmisyon pou Louvri Vil la pou louveri restoran [oubyen pwogran nan lari yo](#) pou yo fonksyone.
- Restoran ki ofri sèvis pou moun manje anndan nan kapasite ki limite sipoze swiv règleman Vil la [pou moun manje anndan](#).*

*Kòmanse 19 me 2021, Eta a te leve kapasite pou mande anndan yon restoran nan Vil New York.

Eksepsyon: Restoran ki fè pati yon chenn ki gen 15 oubyen plis lokal nan peyi a pa kapab fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 la. Yon egzanp se restoran ki fè manje vit (fasfoud) yo.

Èske restoran yo bezwen fè yon bagay, tankou kontakte Vil la anvan yo kòmanse fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 la?

Non. Nan dat 17 oktòb 2020, restoran yo te ka kòmanse mande pou kliyan yo peye chaj rekiperasyon COVID-19 la. Men, apati 17 out 2021, restoran yo pa kapab mande pou kliyan yo peye chaj rekiperasyon COVID-19 la ankò.

Restoran yo sipoze swiv kèk rekòmandasyon, ke yo dekri nan dokiman sa.

Èske gen limit sou konbyen restoran ki ka mande kliyan pou peye Chaj Retablisman COVID-19 la?

Wi. Chaj Retablisman COVID-19 la pa ka piplis ke 10% nan bòdwo total kliyan an, san pa gen taks ak poubwa, epi yo pa ka chaje kliyan yo ak yon kantite egzak. Restoran yo kapab chwazi pou fè kliyan peye Chaj Retablisman COVID-19 la ki mwens ke 10% nan bòdwo total kliyan an.

Èske Restoran yo ka fè kliyan peye Chaj Retablisman COVID-19 la pou moun k ap pran manje pou ale, oubyen kòmman livrezon?

Non. Restoran yo pa ka mande kliyan yo ki pa konsome manje oubyen bwason souplas pou yo peye Chaj Retablisman COVID-19. Restoran yo ka mande Chaj Retablisman COVID-19 la pou moun ki ap manje anndan souplas sèlman.

Kilè restoran yo sipoze di kliyan yo pou yo peye Chaj Retablisman COVID-19 la?

Restoran yo sipoze mete posantaj y ap chaje kliyan yo pou Chaj Retablisman COVID-19 nan anvan kliyan yo kòmande nenpòt manje oubyen bwason.

Kikote pou restoran yo mete enfòmasyon sou Chaj Retablisman COVID-19 la pou kliyan yo ka wè li?

Restoran yo sipoze mete Chaj Retablisman COVID-19 la:

- Anba chak paj lis manje yo bay kliyan yo pou yo fè kòmman oubyen, si yo pa itilize lis manje, nenpòt kote yo mete manje y ap sevi yo ak bwason yo.
- Sou bòdwo final kliyan an epi resi a, si yo bay resi.

Kòman restoran yo sipoze mete Chaj Retablisman COVID-19 la?

Esepte bòdwo final kliyan an ak resi, sa y ap mete yo sipoze:

- Alekri
- Di klèman Chaj Retablisman COVID-19 la se yon sichaj epi li pa yon poubwa pou moun k ap travay nan restoran an.
- Se pou klè epi pou tout moun wè l.
- (anplis lis manje yo) Fò l sou chak paj nan chak dokiman ki gen pri yo bay kliyan yo.
- Ekri ann Anglè.
- Se pou li nan nenpòt lòt langaj yo itilize nan dokiman an, amweske lòt langaj la gen non atik yo sèlman.
- Fò l an gran lèt ki sanble ak rès dokiman an.
- Fò l pote tit "Chaj Retablisman pou COVID-19 la".

Kòman restoran yo sipoze mete Chaj Retablisman COVID-19 la sou bòdwo final kliyan an epi nan resi li a?

Chaj la sipoze gen kòm tit "Chaj Retablisman COVID-19" oubyen "Chaj COVID" epi montre kantite dola total chaj la.

Èske restoran yo kapab rele Chaj Retablisman COVID-19 nan yon lòt non?

Non. Restoran yo sipoze mete konbyen lajan "Chaj Retablisman COVID-19" sèlman.

Si lis manje restoran an pa ekri ann Anglè, Kòman restoran yo sipoze mete Chaj Retablisman COVID-19 la?

Non Chaj ak jan yo mete l la sipoze ekri nan lang Anglè epi nan menm lang ak lis manje a.

Kilès ki ranfòse lwa lokal ki pèmèt restoran yo fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 la?

Depatman Afè Konsomatè [Department of Consumer Affairs (DCA)] Vil New York ranfòse lwa sa a. Nouvo non DCA a se Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP).

E si yon restoran pa swiv lwa lokal la lè l ap fè kliyan peye Chaj Retablisman COVID-19?

Si yon restoran pa respekte sa lalwa rekòmande, yo ka bay restoran yon vyolasyon.

Ki sanksyon ki genyen pou vyolasyon lwa a?

Sanksyon an ka ale jiska \$350 (dola) pou chak vyolasyon.

Èske l pa ilegal pou restoran yo fè kliyan yo peye anplis oubyen ekstra?

Anba Lwa sou Sichaj Restoran nan Vil yo ([6 RCNY § 5-59](#)), restoran yo ka pa ajoute yon sichaj (ekstra) pou pri manje oubyen bwason ki nan lis manje yo. Sa rete legal.

Nouvo lwa lokal ki pèmèt restoran yo fè moun peye tanporèman Chaj Retablisman COVID-19 la. Sichaj la legal.

Li legal tou pou restoran yo fè moun peye yon sèvis bona fide, men chaj la sipoze klè pou kliyan yo anvan yo fè kòmman manje. Chaj pou sèvis ki aseptab gen ladan l:

- Chaj pou separe yon repa an plizyè plat
- Minimòm chaj pa pèsòn
- Poubwa obligatwa pou gwoup ki gen uit moun oubyen plis

Èske posibilite pou fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 nan pèmanan?

Non. Dapre lalwa, restoran yo dwe sispann egzije kliyan yo pou yo peye chaj rekiperasyon COVID-19 la 90 jou apre Eta a ak Vil la pèmèt yo relouvri restorasyon andedan nan yon maksimòm lokatè andedan. Nan dat 19 me 2021, Eta a te leve kapasite pou mande anndan yon restoran nan Vil New York. *Se pou tèt sa, kòmanse 17 out 2021, restoran yo pa ka mande pou kliyan yo peye Frè Rekiperasyon COVID-19 la.*

Kilè restoran yo sipoze sispann fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 nan?

Apati 17 out 2021, restoran yo dwe sispann egzije kliyan yo pou peye Frè Rekiperasyon COVID-19 la.

Kòman restoran yo ka itilize lajan sa yo kolekte a anba chaj sa?

Lwa a pa mete ankenn restriksyon sou kòman restoran yo ka itilize lajan an.

E si yon restoran pa swiv lwa lokal la lè l ap fè kliyan peye èske kliyan an kapab pote plent lè yo fè yo peye Chaj Retablisman COVID-19?

Kliyan yo kapab pote plent sou entènèt nan nyc.gov/dca oubyen lè w rele **311** epi di "[Konplent pou Sichaj Restoran](#)."

Èske restoran yo oblije fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 la?

Non. Lwa a pèmèt restoran yo fè kliyan yo peye Chaj Retablisman COVID-19 an ; men, restoran yo pa oblije mande kliyan yo pou peye sichaj legal sa.

Èske Restoran yo ka retire Chaj Retablisman COVID-19 la pou kèk kliyan?

Non. Si yon restoran mande kliyan li yo pou peye Chaj Retablisman COVID-19 nan, restoran an sipoze fè tout moun alawonbadè peye menm bagay, nan menm pousantaj la, pou tout kliyan yo.

Èske restoran yo ka chanje pousantaj kliyan yo sipoze peye pou Chaj Retablisman COVID-19 nan?

Wi. Restoran yo kabap fè moun peye yon pousantaj ki mwens ke 10% nan bòdwo total kliyan (valè minimòm yo pèmèt). Men, pousantaj la sipoze menm bagay la pou tout moun, epi restoran an sipoze mete l pou kliyan wè l anvan yo fè kòmman.

Si kliyan yo chwazi pou separe bòdwo a, èske yon restoran ka fè moun peye Chaj Retablisman COVID-19 nan pou chak kliyan?

Wi.